

Konprann Evalyasyon Altène Laflorid la



Enfòmasyon pou Paran yo

Evalyasyon Altène Laflorid la


Evalyasyon Altène Laflorid (*Florida Alternate Assessment*) la se yon evalyasyon baze sou pèfòmans, se pa yon tès sou papye ak kreyon. Li deziyen pou elèv ki genyen go andikap kognitif pou ki patisipasyon yo nan Tès Evalyasyon Konpreyansif Laflorid (FCAT) la pa apwopriye, men avèk akomodasyon.

Kimoun ki detèmine si pitit mwen an patisipe nan Evalyasyon Altène Laflorid?

- Desizyon sou kalite evalyasyon yo bay elèv la baze sou bezwen endividyèl chak elèv epi se Ekip Plan Edikasyon Endividyèl la (IEP) ki gen ladan paran, pwofesè administratè ak founisè sèvis yo ki detèmine sa.

Ki ekspektasyon elèv ki gen andikap yo?

- Laflorida gen yon sistèm estanda ki soupye pou tout elèv yo.
- *Sunshine State Standards* ak Pwen Aksè pou Elèv ki gen Andikap Koyitif ki wo se poto mitan korikoulòm la, estrateji ansèyman ak evalyasyon yo.
- Yo evalye siksè elèv yo nan estanda yo nan youn nan twa fason:
 - FCAT san akomodasyon
 - FCAT ak akomodasyon
 - Evalyasyon Altène Laflorid la pou elèv ki genyen andikap kognitif ki wo.



Kisa Pwen Aksè yo ye?

- Pwen Aksè an reflekte konsèp prensipal *Sunshine State Standards* ak nivo kompleksite redwi. Pou asire aksè sou aptitud akademik ak konsèp ki aplike pou kanmarad ke gen menm laj yo.

Pou plis enfòmasyon sou Pwen Aksè a, vizite sitwèb Depatman Edikasyon Laflorid la nan www.flstandards.org.

Kilès ki nivo kompleksite yo?

- Chak Pwen aksè gen twa nivo kompleksite.
- Nivo kompleksite **patisipatwa** la santre sou konpetans nan yon nivo evèy akademik tankou pou rekonèt yon pati nan yon ansanm oswa rekonèt yon lèt oswa yon nimewo.
- Nivo kompleksite **sipòte** a santre sou konpetans ki mande pou idantifye, sonje oswa egzekite konpetans akademik debaz tankou li mo oswa rezoud pwoblèm matematik ki senp.
- Nivo kompleksite **endepandan** an santre sou konpetans ki mande pou òganize, konpare ak analize tankou idantifye lide pensipal nan yon istwa oswa rezoud pwoblèm matematik ki pi konplèks.

Pa

Su

In



Mwen Konplike

Pi Konplike

Kimoun ki ka bay Evalyasyon Altène Laflorid la?

- Pwofesè edikasyon espesyal la bay bay chak elèv Evalyasyon Altène Laflorid la endividyèlman. Si li pa posib pou Pwofesè edikasyon espesyal la, yon pwofèsè sètifye oswa yon pwofesyonèl ki travay anpil ak elèv yo, epi ki gen anpil antrènman nan evalyasyon.

Kilè yo bay Evalyasyon Altène Laflorid la?

- Yo bay Evalyasyon Altène Laflorid la chak ane epi li evalye elèv yo nan Lektü (klas 3–10), Matematik (klas 3–10), Ekriti (klas 4, 8, ak 10), ak Syans (klas 5, 8, ak 11).

Kouman y ap itilize nòt evalyasyon yo?

Yo ka itilize rezilta nòt pitit ou an pou:

- ede Ekip Plan Edikasyon Endividyèl (IEP) devlope objektif pou lane a;
- enfòm planifikasyon edikasyonèl la;
- amelyore siksè elèv la nan salklas li an;
- veye pwogrè de ane a ane; epi
- detèminen bezwen fòmasyon pwofesè yo.

Kisa mwen ka fè antan yon paran pou prepare pitit mwen an pou Evalyasyon Altène Laflorid lan?

- Asire pitit ou an byen repoze.
- Bay pitit ou an yon rejim alimantè ki byen balanse. Sa pral ede asire li gen yon kò ki ansante ak yon lespri ki aktif ak eveye.
- Ankouraje pitit ou a pou li bay meyè de limenm.

Kouman mwen ka jwenn plis enfòmasyon sou Evalyasyon Altène Laflorid (Florida Alternate Assessment)?

Ou ka jwenn plis enfòmasyon sou Evalyasyon Altène Laflorid lè wpale ak pwofesè pitit ou a oswa lekòl distri Administratè ESE lekòl la. Ou ka kontakte tou Biwo Sèvis Etidyan Eksepsyonèl ak Sèvis Etidyan yo nan Depatman Edikasyon Laflorid (Department of Education Bureau of Exceptional Education and Student Services) la nan (850) 245-0475.

Ou kapab telechaje kopi tiliv sa a nan www.fldoe.org/ese.



Dr. Eric J. Smith
Komisyone Edikasyon